



Pou Piblikasyon Imedya: 30/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON JIJ E. JEANNETTE OGDEN NAN DIVIZYON APÈL ETA NEW YORK, KATRIYÈM DEPATMAN AN

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nominasyon Jij E. Jeannette Ogden li nan Katriyèm Depatman Jidisyè Divizyon Apèl Eta New York la, ki sèvi reyon Santral ak Lwès New York.

"Pandan prèske 30 ane, Jij E. Jeannette Ogden te sèvi kòm yon jij ki jis epi ki san patipri, ki defann eta dedwa pou moun ki nan Lwès New York yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen onore pou m nonmen Jij Ogden nan Divizyon Apèl, Katriyèm Depatman, epi mwen gen konfyans li pral kontinye sèvi ak distenksyon."

Jis E. Jeannette Ogden te sèvi kòm yon Jij Kou Siprèm Eta New York depi 2015 Anvan li te sèvi nan Tribinal Siprèm lan, Jij Ogden te yon jij nan Tribinal Vil Buffalo. Li te sèvi tou kòm yon jij enterimè pou tribinal konte ak fanmi an nan Konte Erie. Jistis Ogden se kounye a yon Enstriktè Adjwen nan Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) nan Buffalo Law School ak Pwofesè Adjwen nan Daemen College. Li se yon manm Asosyasyon Nasyonal Fanm Jij (National Association of Women Judges) yo, Komite Konsiltatif Eta New York sou Etik Jidisyè, Konsèy Konsiltatif Jistis Kriminèl Erie Community College, Komite Sèks ak Ekite Rasyal Uityèm Distri Jidisyè a, NAACP, ak Avoka Fanm nan Lwès New York (Women Lawyers of Western New York). Jistis Ogden sèvi tou kòm yon konseye pou elèv lekòl segondè, kolèj, ak etidyan an dwa yo epi regilyèman parèt kòm yon oratè pou òganizasyon sivik ak kominotè, lekòl piblik, ak legliz yo.

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Felisitasyon pou Jij Kou Siprèm E. Jeanette Ogden pou nominasyon li pa Gouvènè Kathy Hochul nan Divizyon Apèl Kou Siprèm, Katriyèm Depatman an. Yo respeke Jij Ogden toupatou, e mwen pa gen dout ke li pral kontinye fè Nouyòkè Lwès yo fyè pou respekte lalwa ak lòd Eta New York yo. Mèsi Gouvènè Hochul, sa se yon gwo seleksyon."

Pwokirè Distri Konte Erie a, John J. Flynn, te di "Jis Jeanette Ogden te sèvi kominote nou an kòm yon jij nan plizyè tribinal pandan prèske 30 ane. Konesans ak eksperyans legal li pral yon avantaj fòmidad pou Katriyèm Depatman Jidisyè Divizyon

Apèl la. Mwen felisite Jij Ogden pou nominasyon byen merite li pandan l ap kontinye sèvi Pèp New York la."

Majistra Vil Buffalo Byron Brown te deklare, "Mwen rekonesan dèske Gouvènè Kathy Hochul te nonmen Onorab E. Jeanette Ogden nan Divizyon Apèl, Katriyèm Depatman an. Depi lè li te nonmen nan Tribinal Vil Buffalo a, epi kounye a nan Tribinal Siprèm Eta New York la, Jij Ogden te travay san pran souf pou Lwès New York epi li se youn nan jij yo pi respekte nan rejyon an. Mwen gen konfyans ke Jij Ogden pral sèvi ak istwa ak eksperyans inik li pou l pote yon pèspektiv ki gen anpil valè nan Katriyèm Depatman an."

Komite Seleksyon Jidisyè (Judicial Screening Committee) pou Katriyèm Depatman an, Divizyon Apèl la te revize aplikasyon yo epi te fè entèvyou ak plizyè douzèn aplikan. Epi se sèlman aplikan sa yo ke yo estime ki "wotman kalifye" pa Komite yo ke yo te soumèt bay Gouvènè a pou konsiderasyon li. Pou yo ka jwenn "wotman kalifye," kandida yo dwe montre entegrite, endepandans, lidèchip, entèlijans, kapasite jiridik, jijman, tanperaman, ak eksperyans.

Daprè Konsititasyon ak Lwa Jidisyè Eta New York, Gouvènè a gen otorite pou li nonmen Jij ki ap prezide nan chak Divizyon Apèl pami sila yo ki te eli kòm jij nan Tribinal Siprèm. Nominasyon sa yo pa bezwen konfimasyon Sena a.

###